ku lore Yàlla lor ko, ku sonle Yàlla sonal ko

Jële na ñu ci Abuu Sirmata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «ku lore Yàlla lor ko, ku sonle Yàlla sonal ko».
[Tane na] [Abóo Daawuda soloo na ko, At-tirmisiy, ak Ibnu Maaja, ak Ahmat]

Leerarug adiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day moytondikuloo lor ab jullit, mbaa teg ko coono ci mbir mu mu man a doon; ci bakkanam walla alalam walla njabootam, ku def loolu Yàlla dana ko fay mbugal ko kem jëfam.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5375